



Pran Bonjan Mezi Touswit!



Egzijans pou Antre Lekòl 2014-2015 la

Anvan pou yon timoun antre lekòl nan Florid (jadendanfan rive 12yèm ane), li dwe bay yon Fòm DH 680, Sètifika Vaksinasyon Eta Florid, ki bay prèv li pran vaksen sa yo:

Lekòl Piblik oswa ki Pa Piblik Soti nan Jadendanfan Ale nan 12yèm Ane:

- Kat oubyen senk dòz vaksen difteri-tetanòs-koklich (DTaP)
- De oubyen twa dòz vaksen epatit B (Hep B)
- Twa, kat oubyen senk dòz vaksen polyo*
- De dòz vaksen woujòl-mal mouton-ribeyòl (MMR)
- De dòz vaksen varisèl† pou timoun jadendanfan ak timoun 1ye rive sizyèm ane
- Yon dòz vaksen varisèl pou timoun setyèm rive douzyèm ane

* Si yo resevwa yon katryèm dòz vaksen anvan yo rive laj katran, yo egzije yon senkyèm dòz vaksen polyo pou jadendanfan.

† Yo pa egzije vaksen varisèl la si genyen yon epizòd varisèl ki dokimante deja pa yon founisè swen sante.

Egzijans pou Setyèm ane:

Anplis de ranpli egzijans yo mande pou lòt vaksen soti nan klas jadendanfan rive 12yèm ane, elèv yo dwe pran vaksen sa yo:

- Yon dòz vaksen tetanòs-difteri-koklich (Tdap) nan klas setyèm rive douzyèm ane

Ou bezwen asirans medikal pou pitit ou ? Aplike nan entènèt nan www.floridakidcare.org oubyen rele 1-888-540-5437 pou jwenn yon aplikasyon.

Fl♥rida KidCare

POU PLIS ENFÒMASYON , RELE 850-245-4342 OUBYEN VIZITE WWW.IMMUNIZEFLORIDA.ORG.

N ap Vaksinen nan Florid. N ap pwoteje Lasante.

